

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Alam dunya téh dieusi ku rupa-rupa mahluk hirup, salasahijina manusa. Manusa nu nyicingan alam dunya téh kawilang réa tur diwangun ku rupa-rupa sélér bangsa. Salasahiji bangsa nu nyicingan alam dunya téh nya éta Indonésia. Bangsa Indonésia mangrupa bangsa nu miboga rinéka sélér-sélér bangsa katut budayana. Masing-masing sélér bangsa miboga karakteristik jeung ciri has séwang-séwangan anu ngabédakeunana antara hiji bangsa jeung nu lianna, hal éta téh saluyu jeung paribasa Sunda *ciri sabumi cara sadésa*. Ciri has éta bisa katingali tina paripolah kahirupan masarakat nu béda, tapi hal éta gé bisa jadi sarua saumpama masarakat di daérah nu tangtu miboga pola hirup atawa téma hirup nu sarua. Ciri-ciri nu ngabédakeun antara bangsa nu hiji jeung bangsa nu séjénna bisa katingali tina interaksi antara individu, kelompok jeung alam sabudeureunana anu katingali tina hasil kabudayaanana.

Demi kabudayaan nurutkeun Koentjaraningrat (1980) asal kecapna *buddhayah* tina basa Sansekerta, budaya diwangun ku dua kecap nya éta budi jeung daya anu hartina sagala paripolah nu aya patalina jeung akal pikiran. Atawa leuwih jembarna mah budaya téh hartina cipta, rasa jeung karsa. Kabudayaan nya éta paripolah atawa kabiasaan masarakat nu diwariskeun sacara turun tumurun ti karuhun ka anak incuna.

Kabudayaan nya éta sistem gagasan nu dipiboga ku manusa tina hasil diajarna sarta miboga unsur-unsur nu nyampak di satukangeunana. Unsur-unsur kabudayaan dumasar kana pamadegan Koentjaraningrat (1990:205 ) téh janggelékna aya tujuh, nya éta : 1) sistem réligi, 2) sistem sosial jeung sistem kamasarakatan, 3) élmu pangaweruh, 4) basa, 5) kasenian, 6) sistem pakasaban, jeung 7) sistem téknologi.

Kabiasaan jeung paripolah kahirupan masarakat Sunda jaman baheula, nepi ka ayeuna masih kénéh aya nu dipilampah, hal éta bisa katitén tina upacara atawa tradisi-tradisi nu masih kénéh dipangaruhan ku animisme-dinamisme, Hindu-Budha nu gumulung jeung agama Islam, tur nu murni dipangaruhan ku agama Islam. Upacara adat atawa adat istiadat Sunda nu biasa dilaksanakeun ku masarakat Sunda réa pisan rupana sakumaha nu diébréhkeun ku Hasan Mustopa jeung Atik Sopandi dina Hupad (2005: 130) nya eta :

*1) selamatan yang berkaitan dengan anak; 2) pernikahan; 3) selamatan sekitar usaha pertanian; 4) selamatan sekitar rumah atau tempat tinggal; 5) penolak bala atau malapetaka; 6) selamatan sekitar bulan dan hari-hari penting; 7) sekitar keinginan husus; 8) mencari kekayaan dunia; 9) black magic telung-santet-pelet; 10) perhitungan waktu (hari, bulan, weton); 11) kesukaan, kesenangan, hobi tertentu, dan; 12) selamatan sekitar keselamatan.*

Salasahiji unsur budaya nya éta religi atawa kapercayaan, ayana upacara adat téh mangrupa perwujudan tina réligi atawa kapercayaan téa. Ari dina enasna mah upacara adat tradisi téh mangrupa wujud interaksi antara manusa jeung pribadina, manusa jeung masarakat sabudeureunana, manusa jeung alamna, sarta manusa jeung Pangéranna. Interaksi éta téh tujuanana pikeun ngahontal kasalametan jeung kabagjaan, nu ngaliwatan kasadaran dirina sorangan,

masarakat jeung alam sabudeureunana, jeung kakawasaan nu ngajaga tur ngamumulé kahirupanana.

Beungharna kabudayaan nu aya di Indonésia sakumaha nu didadarkeun di luhur, hususna Sunda miboga karakteristik séwang-séwangan. Di Jawa Barat aya rupa-rupa upacara tradisi nu tepi ka kiwari masih kénéh hirup, salasihijina upacara tradisi nu aya di wilayah Kabupatén Subang. Nya éta upacara tradisi Hajat Makam nu aya di Désa Kawunganten.

Kampung Kawunganten Babakan mangrupa salasihiji kampung di Désa Kawunganten Kecamatan Cikaum Kabupatén Subang. Di Kampung Kawunganten Babakan miboga hiji tradisi anu has tur aya sacara turun tumurun nu diwariskeun ti karuhun. Éta tradisi téh mangrupa simbol atawa wujud budaya nu aya di masarakat kampung Kawunganten Babakan. Ku ayana éta tradisi di Kampung Kawunganten Babakan kacida payusna lamun seug ditalungtik lantaran miboga tradisi nu unik tur has.

Tradisi Hajat Makam mangrupa hiji tradisi nu aya tur hirup di Désa Kawunganten Kecamatan Cikaum Kabupatén Subang. Tradisi Hajat Makam dilaksanakeun sakali dina sataun, matuh unggal tanggal 14 bulan Mulud. Biasana dilaksanakeun dua poé sabada Muludan, hal éta dianggap minangka pangreuh-reuah tur pangéling-ngéling kana kalahiran Nabi Muhammad SAW. Disebut Hajat Makam, ku sabab tempat diayakeun upacara atawa tradisina téh di komplék pemakaman Nyi Ratu Déwi Kawunganten.

Tradisi Hajat Makam éta sorangan tangtu baé miboga ajén falsafah jeung simbol nu aya dina pakakas tradisi éta sorangan. Éta ajén falsafah anu dipercaya

ku masarakatna salila ieu téh can kapaluruh sagemblengna. Naon nu nyampak dina Tradisi Hajat Makam tangtu miboga kasang tukang jeung tujuan ngaliwatan ajén falsafahna.

Pananglutikan-pananglutikan ngeunaan budaya katut sakabéh hal unak-anikna geus réa ditalungtik ku lémbaga-lémbaga atawa para mahasiswa nu boga minat kana budaya. Di handap ieu, baris ditataan judul-judul skripsi ngeunaan ajén-inajén sarta simbol :

- 1) *Ajén Falsafah dina Simbol-simbol Upacara Adat Sedekah Bumi di Kampung Urug Tonggoh Désa Kiara Pandak Kecamatan Sukajaya Kabupatén Bogor*, ku Trias Handoko taun 2009;
- 2) *Fungsi Simbol dina Upacara Tradisi Ruatan Bumi di Kampung Banceuy Désa Wangunharja Kecamatan Ciater Kabupatén Subang*. Ku Virda Sufia H. taun 2011;
- 3) *Ajén-ajén Éstétika dina Kasenian Sisingaan di Kabupatén Subang*, ku Eka Purwati taun 2011;
- 4) *Ajén Sosiologis dina Tradisi Upacara Adat Ngalaksa di Desa Rancakalong Kecamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA Kelas XII*. Ku Ikhsan Nugraha taun 2011;
- 5) *Ajén Falsafah Upacara Sawér Pangantén pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP 12 Bandung Kelas VIII Ngagunakeun Méthode Demonstrasi*, ku Temmy Widyastuti;

Ningali kana hasil panalungtikan nu geus aya, sarta nepi ka kiwari, nu nalungtik ngeunaan tradisi Hajat Makam mah can aya, ku lantaran kitu ieu

panalungtikan téh baris dipuseurkeun kana tradisi Hajat Makam nu aya di Désa Kawunganten. Dikasangukungan ku sawatara alesan di luhur jeung kumaha ajén falsafah dina upacara Hajat Makam, ieu panalungtikan téh dijudulan “*Ajén falsafah dina Simbol-simbol Tradisi Hajat Makam di Kampung Kawunganten Babakan Désa kawunganten Kecamatan Cikaum Kabupatén Subang (Ulikan Struktural Semiotik).*”

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Luyu jeung kasang tukang panalungtikan nu geus dipedar saméméhna, ieu panalungtikan téh baris diwatesanan. Pasualan nu baris dipedar dina ieu panalungtikan téh museur kana kamekaran upacara tradisi Hajat Makam di Désa Kawunganten. Sangkan teu lega teuing ambahanana, ieu panalungtikan baris dijanggélékeun dina wangun pertanyaan. *Kumaha “Ajén falsafah dina Simbol-simbol Tradisi Hajat Makam di Kampung Kawunganten Babakan Désa kawunganten Kecamatan Cikaum Kabupatén Subang ?*

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana watesan masalah di luhur, ieu panalungtikan dirumuskeun dina sababaraha patalékan, nya éta:

1. Kumaha kasang tukang kasajarahana ayana tradisi Hajat Makam téh ?
2. Kumaha prak-prakanna tradisi Hajat Makam téh ?

3. Unsur semiotik nu mangrupa simbol naon waé nu kasampak dina tradisi Hajat Makam di Kampung Kawunganten?
4. Ajén falsafah naon waé nu nyampak dina tanda nu mangrupa simbol-simbol tradisi Hajat Makam téh?
5. Kumaha rélevansina tradisi Hajat Makam téh kana kahirupan masarakat Sunda kiwari?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan diayakeun ieu panalungtikan téh nya éta pikeun numuwuhkeun jeung ngaraksa tur ngariksa budaya, tradisi katut kasenian nu aya tur hirup di masarakat.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Anu jadi tujuan husus dina ieu panalungtikan, nya éta ngadéskripsikeun :

1. Kasang tukang kasajarahana tradisi Hajat Makam
2. Prak-prakana tradisi Hajat Makam;
3. Tanda naon waé nu aya dina tradisi Hajat Makam téh ;
4. Ajén falsafah naon waé nu aya dina tradisi Hajat Makam;
5. Rélevan atawa heunteu éta tradisi Hajat Makam téh kana kahirupan masarakat kiwari;



#### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh miboga mangpaat nu ngawengku:

- 1) Sacara umum, ieu panalungtikan bisa méré sumbangan analisis keur kamajuan paélmuan budaya Sunda. Ti dieu bisa dicangking gambaran harti jeung fungsi dina Tradisi Hajat Makam.
- 2) Sacara husus, ieu panalungtikan bisa ngalegaan wawasan masarakat, nambahan pangaweruh ngeunaan Tradisi Hajat Makam, sarta méré motivasi dina usaha ngamumulé tradisi Hajat Makam.

#### 1.5 Wangenan Istilah

Pikeun neuleuman fokus dina ieu panalungtikan, antukna nu nyusun méré wangenan istilah ngeunaan hal-hal anu aya patalina jeung panalungtikan, diantarana :

- 1) *Ajén falsafah* nya éta nilai, harga atawa pangaji anu dihasilkeun tina pamikiran anu ditéangan bebeneranana pikeun ngungkab hiji pasualan nu dianggap penting dina tradisi Hajat Makam.
- 2) *Simbol* nurutkeun *Kamus Besar Bahasa Indonesia* (KBBI) nya éta lambang atawa tanda bisa dihartikeun hiji hal nu ngawakilan hal séjén dumasar *konvesi* nu aya di masarakat.
- 3) *Tradisi* nurutkeun *Kamus Umum Basa Sunda* nya éta adat istiadat atawa kabiasaan nu turun tumurun ti karuhun, saperti nyawér, buka pintu, jeung sajabana.

- 4) *Hajat Makam* nya éta riungan jalma-jalma di makam Nyi Mas Déwi Kawunganten nu fungsina pikeun miéling haolna Nyi Mas Déwi Kawunganten.
- 5) *Désa Kawunganten* nya éta tempat diayakeunana acara tradisi Hajat Makam, nu perenahna di Kecamatan Cikaum Kabupatén Subang, jeung tempat diayakeunana panalungtikan.

### 1.6 Anggapan Dasar

Surakhmad dina Arikunto (2010 : 104) nétélakeun yén : “*Anggapan dasar* atau postulat adalah sebuah titik tolak pemikiran yang kebenarannya diterima oleh penyelidik”. Jadi, anggapan dasar téh mangrupa hiji bebeneran awal nu diasongkeun ku panalungtik ngeunaan hiji hal nu rék ditalungtikna sarta hal éta téh kudu diuji bebeneranana ku cara nalungtik data.

Luyu jeung pamadegan di luhur, nu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta :

1. Kabudayaan mangrupa hasil cipta, rasa, jeung karsa manusa sarta di jerona ngawengku kana sakabéh aspék kahirupan manusa dina hirup kumbuhna sapopoéna.
2. Tradisi hajat makam téh mangrupa hiji tradisi nu aya di Kampung Kawunganten babakan Désa Kawunganten Kecamatan Cikaum Subang.
3. Mikawanoh kana ajén falsapah tina simbol tradisi Hajat Makam kawilang penting pikeun nambahan pangaweruh.



4. Runtuyan kagiatan tradisi Hajat Makam mangrupa ciri nu mandiri sarta nu ngabédakeun kabudayaan masarakat Désa Kawunganten jeung kabudayaan masarakat désa lianna.
5. Tradisi Hajat Makam mangrupa salasihiji tradisi nu aya di masarakat sarta di jerona nyangkaruk ajén-inajén kahirupan manusa.

### **1.7 Raraga Tulisan**

Sistematika penulisan dina nyusun skripsi, diantarana :

- 1) BAB I : Bubuka medar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan jeung mangpaat panalungtikan, wangenan istilah, anggapan dasar, jeung Sistematika penulisan.
- 2) BAB II : Tatapakan teori medar ngeunaan filsafat, budaya, sistem kapercayaan, tradisi, strukturalisme, semiotik, jeung hajat makam.
- 3) BAB III : Méthode Panalungtikan medar ngeunaan désain panalungtikan, méthode panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, jeung sumber data.
- 4) BAB IV : Ngadéskripsikeun data jeung pedaran hasil panalungtikan.
- 5) BAB V : Kacindekan jeung saran.